**दिन—शुक्रवार** **दिनांक—26.12.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आइ नई दिल्ली मे पांचम राष्ट्रीय मुख्य सचिव सम्मेलनक अध्यक्षता कयलनि। तीन दिवसीय एहि सम्मेलनक उद्देश्य सतत बातचीतक माध्यम सँ केन्द्र आओर राज्य सभक बीच साझेदारी कँ बढ़ावा देब अछि। ई सम्मेलन पछिला चारि बरख सँ प्रतिवर्ष आयोजित कएल जा रहल अछि। वर्ष दू हजार बाईस मे धर्मशाला मे पहिल मुख्य सचिव सम्मेलन आयोजित कएल गेल छल।

---

आइ वीर बाल दिवस अछि। ई दिन गुरु गोविन्द सिंहक पुत्र सभक शहादतक याद मे मनाओल जाइत अछि। एहि अवसर पर राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, नई दिल्ली मे **प्रधानमंत्री राष्ट्रीय बाल पुरस्कार** प्रदान कयलनि। एहि वर्ष बिहारक दू टा समेत अठारह राज्य आओर केन्द्रशासित प्रदेश सभक बीच बच्चा सभकँ एहि सम्मान सँ सम्मानित कएल गेल, जे लोकनि बहादूरी, खेल आओर समाजिक सेवा सहित विभिन्न क्षेत्र सभ मे उत्कृष्ट उपलब्धि हासिल कयलनि अछि। बिहारक युवा क्रिकेटर वैभव सूर्यवंशी कँ राष्ट्रपति, **प्रधानमंत्री राष्ट्रीय बाल पुरस्कार** सँ सम्मानित कयलनि। हुनका क्रिकेट मे अभूतपूर्व प्रदर्शनक लेल ई सम्मान प्रदान कएल गेल। राष्ट्रपति द्वारा कैमूर जिलाक मोहनियां प्रखंडक जैतपुर—भदवलिया गामक कमलेश कुमार कँ अदम्य साहस, मानवता आओर परोपकारक लेल मरणोपरांत **प्रधानमंत्री राष्ट्रीय बाल पुरस्कार** सँ सम्मनित कएल गेल। कमलेश कुमारक परिजन लोकनि ई पुरस्कार ग्रहण कएलनि। एगारह वर्षीय कमलेश कुमार एहि वर्ष जुलाई महिना मे दुर्गावती नदी मे डूबैत एकटा बच्चा कँ अपन जानक परवाह कयने बगैर बचौने छलाह।

---

राष्ट्रपति कहलनि अछि जे ई दिन सभ वर्ष श्री गुरू गोविन्द सिंह जी कँ पुत्र साहिबजादा बाबा जोरावर सिंह जी आओर बाबा फतेह सिंह जीक शहादतक याद मे मनाओल जाइत अछि। ओ कहलनि अछि जे हुनक अद्वितीय बलिदान पीढ़ी सभकँ प्रेरित करैत अछि। राष्ट्रपति कहलनि जे जखन कोनो देशक बच्चा देशभक्ति आओर उच्च आदर्श वला होइत छथि, तऽ ओहि राष्ट्रक मानवता सुनिश्चित होइत अछि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी वीर बाल दिवस पर वीर साहिबजादा सभक बलिदान के याद कयलनि। श्री मोदी गुरू गोविन्द सिंह

जीक अमर शिक्षा सभकेँ याद करैत कहलनि जे ई दिन साहस, दृढ़विश्वास आओर सत्यनिष्ठाक प्रतीक अछि।

———————————————————————

वीर बाल दिवस पर प्रदेशभरिक आंगनबाड़ी केन्द्र सभ, विद्यालय सभ, महाविद्यालय सभ आओर अन्य शिक्षण संस्थान सभ मे विभिन्न कार्यक्रम सभक आयोजन कएल जा रहल अछि। एकर तहत कहानी, कविता—पाठ, चित्रकला, रचनात्मक लेखन आओर खेल व फिटनेंस सँ संबंधित गतिविधि सभ आयोजित भऽ रहल अछि।

———————————————————————

सिख सभक दशम आओर अंतिम गुरू, गुरू गोविन्द सिंह जी महाराजक तीन सय उनसठिम प्रकाश पर्वक मुख्य समारोह काल्हि मनाओल जाएत। एहि मे विशेष दिवानक आयोजन होयत आओर भजन—कीर्तन व अरदास होयत। हरमंदिर साहिब प्रबंधक कमिटीक उपाध्यक्ष गुरूविंदर सिंह बतौलनि अछि जे श्रद्धालु लोकनिक लेल पूरा व्यवस्था कएल गेल अछि। एम्हर, समारोह मे शामिल होयबाक लेल, देशक अलग—अगल हिस्सा सभ सँ श्रद्धालु पटना सिटी पहुंचलाह अछि। सुरक्षा कँे लऽकऽ वी.एस.ए.पीक चारि टा कंपनी सभकेँ तैनाती कएल गेल अछि।

———————————————————————

उपमुख्यमंत्री आओर राजस्व एवं भूमि सुधार मंत्री विजय कुमार सिन्हा कहलनि अछि जे भू—माफिया आओर दलाल सभक खिलाफ कड़ा कार्रवाई कएल जायत। श्री सिन्हा आइ पूर्णियां मे भूमि सुधार जनसंवाद कार्यक्रम कँे संबोधित कऽ रहल छलाह। ओ कहलनि अछि जे समय पर न्याय सुनिश्चित करब विभागक प्राथमिकता अछि।

———————————————————————

कृषि आओर ग्रामीण विकास मंत्री शिवराज सिंह चौहान कहलनि अछि जे विकसित भारत **जी रामजी** योजनाक अंतर्गत वर्ष दू हजार सैंतालीस तक विकसित भारतक लक्ष्य कँे पूरा करबाक लेल ग्रामीण क्षेत्र सभ मे कतेको विकास कार्य कएल जाएत। दूरदर्शन सँ विशेष बातचीत मे ओ कहलनि जे एहि योजनाक अंतर्गत प्रत्येक ग्रामीण परिवारक लेल **वैधानिक मजदूरी रोजगार गांरटी** बढ़ा देल गेल अछि।

———————————————————————

घनगर कुहेस आओर कड़गर ठंढ़ा सँ आम जनजीवन प्रभावित भऽ गेल अछि। मौसम विभागक अनुसार न्यूनतम तापमान मे तीन डिग्री सेल्सियस तकक गिरावट आएल अछि। आइ औरंगाबाद आओर भागलपुरक–सबौर, राज्यक सभसँ ठंढ़ा स्थान रहल, जाहि ठामक न्यूनतम तापमान सात दशमलव चारि डिग्री सेल्सियस रेकॉर्ड कएल गेल। सभ सँ कम न्यूनतम दृश्यता, सय मीटर पटना, गयाजी आओर वाल्मीकीनगर मे दर्ज कएल गेल। राजधानी पटना सहित प्रदेशक विभिन्न जिला सभ मे भोरे सँ घनगर कुहेस पसरल अछि। मौसम विभाग तीस दिसंबर धरि राज्यक अधिकांश भाग सभ मे घनगर कुहेस पसरल रहबाक ऑरेंज अलर्ट जारी कएलक अछि। एम्हर, घनगर कुहेसक कारणे रेल, सड़क आओर हवाई यातायात सेहो प्रभावित भेल अछि। पटना सँ खुलयवला आ एतऽ पहुंचैवला कतेको मेल आओर एक्सप्रेस ट्रेन सभ छओ सँ आठ घंटा विलंब चलि रहल अछि।

———————————————————————————

समाप्त